

Èske Ou Vle Kite Fimen? MassHealth Peye Pou Sa Kounye a!

Paske tabak se lakòz pwoblèm lasante ki serye pou oumenm ak fanmi ou, MassHealth gen yon nouvo benefis pou ede ou kite - kit ou chike, kit ou itilize sigarèt òswa nenpòt ki lòt pwodi ki fèt ak tabak.

Ki Metòd Pou Sispann Fimen Asirans Kouvri?

Ou ka chwazi pami plizyè medikaman pou sispann fimèn pou yon copay (pati kòb pasyan an dwe peye) ant \$1 ak \$3.

- Patch nikotin nan, chiklèt la, sirèt la, òswa yon pilil (Bupropion òswa Chantix) tou sa, asirans peye pou yo epitou sa yo ka ede ou pou pa tèlman gen anvè fimèn. Mande doktè ou pou li di ou tout chwa ki genyen yo.

Ou ka pale ak yon konsèyè pou konn ki jan pou kite fimèn pou toutbon.

Mande doktè ou konsèyè nan tout sa ki genyen yo kilès pou chwazi

- Rankontre ak yon konsèyè pou pale avèk li fasafas.
- Antre nan yon gwoup sipò pou moun ki vle kite fimèn.
- Rele pou mande konsèyè pa telefòn pou moun ki vle kite fimèn.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nouvo benefis MassHealth bay la rele **Sèvis Konsomatè (Customer Service) nan MassHealth nan 1-800-841-2900.**

Kibò Pou m Ale Pou m Jwenn Èd Pou m Kite Fimen?

Mande doktè ou ki afilye ak MassHealth pou preskri ou medikaman epi tou pou li rekòmande ou yon konsèyè nan zafè kite fimèn òswa pou enskri ou nan QuitWorks, ki se yon pwogram pa telefòn pou moun ki bezwen kite fimèn.

Ou ka rele pou jwenn èd ak enfòmasyon gratis an anglè nan **1-800-Try-To-STOP (1-800-879-8678)** epi an panyòl nan **1-800-8-DÉJALO (1-800-833-5256)**. Si ou pale nenpòt ki lòt lang ou ka rele nimewo sa yo kanmenm. Yon entèprèt ap la pou ede ou.

Ou ka jwenn resous gratis sou internet la pou ede ou kite tabak nan www.trytostop.org.

Èske asirans kouvri m?

Asirans peye pou ou si ou nan yonn nan pwogram sa yo: MassHealth Standard, CommonHealth, Prenatal, Family Assistance for Persons with HIV, ak pou manm ki kouvri dirèkteman (sa ki resevwa èd pou peye prim asirans chak mwa pa ladanl) pou MassHealth Basic, Essential, epi Family Assistance for Children.

E Si Mwen Eseye Epi Mwen Paka Kite?

Eseye ankò! MassHealth konnen yon moun ka bezwen eseye plizyè fwa anvan li resi kite fimèn òswa anvan li sispann sèvi ak tabak. Kontinye eseye!

